INTERNATIONAL JOURNAL OF RECENTLY SCIENTIFIC RESEARCHER'S THEORY

# КЕГЕЙЛИ РАЙОНЫ АЙМАҒЫНДА ЭТНОТОПОНИМЛЕР

**Алланиязов Аскарбек Ерназарович**
*Ажиниёз номидаги НДПИ докторанти*

***Аннотация***. *Ҳәзирги қарақалпақ тили халқымыздың турмысындағы экономикалық, илимий–техникалық, билимлендириў тараўларындағы жетискенликлерине байланыслы фонетикалық системасы бойынша, лексикалық қурамы, грамматикалық қурылысы, терминологиясы ҳәм орфографиясы жетилискен тиллердиң бири болды. Бирақ қарақалпақ тил билиминде гейпара фонетикалық, лексикалық, грамматикалық ҳәм тилдиң тарийхына байланыслы бир қанша мәселелер шешилип белгили бир системаға түсиўине қарамастан, елеге дейин изертлеўди, шешиўди күтип турған проблемалық мәселелер көп. Мине қарақалпақ тил билиминдеги усындай мәселелердиң бири – жер-суў атамаларын жыйнаў ҳәм оларды ҳәр тәреплеме изертлеў мәселеси..*

***Калит сузлар.*** *Топонимлер, жер-суў, жыйнаў, изертлеў, мәселе.*

Топонимлер тил лексикасиның бир бөлеги сыпатында басқа сөзлер сыяқлы тил нызамлықларына бойсынады, Соның менен бирге топонимлерде өзимиздиң миллий тилимизге тийисли болған фонетикалық, лексиакалық ҳәм морфологиялық элементлер салыстырмалы дәрежеде көбирек болады. Сондай-ақ сол орынның тәбийий географиялық жайласыўы, сол жерде жасаўшы жергиликли халықтың этникалық келип шығыўы, адамлардың кәсиби, тарийхый шахслар ҳәм белгили бир ўақыялар топонимлердиң келип шығыўының тийкарғы дереклери болып есапланады.

Қарақалпақстан тилши илимпазлары тек XX әсирдиң орталарынан кейин баслап ғана бул мәселе менен шуғыллана баслады. 1966-жылы Қ.Әбдимуратов тәрепинен Қарақалпақстан топонимлери бойынша тарийхый–лингвистикалық жобада кандидатлық диссертация жақланды. Оның 1965-жылы «Неге усылай аталған?» деген китабы қарақалпақ тилинде, соңынан бул китап рус тилинде басылып шықты. Буннан басқа да Қ.Әбдимуратовтың топонимика мәселелери туўралы көплеген илимий мақалалары баспада жәрияланды.

Автор бул мийнетлеринде Қарақалпақстандағы топонимикалық атамалардың қурамы ҳәм курылысын кең түрде изертлеп, этимологиялық анализлер ислеген. Сондай-ақ ол илимпазлардың мийнетлеринен кең түрде пайдалана отырып, көркем шығармалардан, халық аўзындағы аңыз-әңгимелерден мысаллар келтирген.

Қарақалпақстан топонимиясының айырым мәселелери О.Бекбаўловтың илимий мақалаларында да сөз етилди.

Деген менен, Қарақалпақстан топонимиясының бир қатар мәселелери еле толық ҳәм ҳәр тәреплеме үйренилмей киятыр. Сонлықтан да үлкемиздеги географиялық атамалардың қойылыў сырларын, олардың лингвистикалық өзгешеликлерин еле де тереңирек изертлеў ҳәзирги қарақалпақ тил билиминдеги әҳмийетли мәселелердиң бири болып есапланады.

Топонимикалық терминлер-жергиликли географиялық терминлердиң белгили бир бөлеги, яғный топонимикалық системада қатнасатуғын топары. Географиялық атамалардың қурамында қатнасып, олар сыпатлаған объектти билдириўши термин-сөзлер топонимияда әҳмийетли орын тутады. Дәслеп олар топонимниң мәнисин ашып бериўде гилт ўазыйпасын атқарады. Буннан басқа топонимикалық терминлер сыпатлап атырған объект ҳаққында мағлыўмат бериў қәбилетине де ийе.

Топонимлер менен географиялық терминлердиң генетикалық байланысы оларды бирдей қубылыс деп қараўға тийкар бермейди. Олар өз-ара байланыслы болса да, бир-биринен парықланады. Географиялық терминлер бир түрдеги географиялық предметлердиң топарын атайды, ал топонимлер болса географиялық объектлердиң биреўин басқалардан ажыратып көрсетеди.

Топоним ҳәм географиялық терминлер бир-бири менен генетикалық жақтан байланыслы болып Кегейли районы аймағында жер суў атамаларының басым көпшилги этнотопонимикалық атамалар болып табылады.

Кегейли районы Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы ең тарийхый орынлардың бири болып бул жерде әзел-әзелден халықлар руў-руў болып жасап келген ҳәм ҳәзирде жасап келмекте. Кегейли районы аймағындағы топонимлер тийкарынан отырықшы халықлардың руўларының атларынан ҳәм сол жерде жасаған тарийхый шахслардың атларынан сөз қосылыўы менен пайда болғанлығы көплеп ушырасады.

Кегейли районы аймағында жайласқан аўыл, жер орынларының атамалары көбирек руў атамаларына тийкарланып қойылғанлығын көриўге болады.

- Қылқалы аўыл: Бул аўыл атамасы болып кегейли районы жаңабазар аймағында жайласқан ҳәм тийкарынан қарақалпақлардың қылқалы руўынан болған халық жасағаны ушын бул орын Қылқалы деп аталған. Қылқалы руўының келип шығыўы тарийхына қарасақ маңғыт руўының тийреси болып Қылқа тонлы деген сөзлердиң косылып өзгериске ушыраўы менен пайда

болған деген болжаўлар бар. Яғный бул қәўим адамлар қылқа тон кийип жүргенлиги ушын руўы солай аталған.

Кенегес аўыл: Қарақалпақлардың кенегес руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Ашамайлы аўыл: Қарақалпақлардың Ашамайлы руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Естек аўыл: Қарақалпақлардың Естек руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Мамықшы аўыл: Қарақалпақлардың мамықшы руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Оймаўыт аўыл: Қарақалпақлардың оймаўыт руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Тоқмаңғыт аўыл: Қарақалпақлардың тоқмаңғыт руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Тамғалы аўыл: Қарақалпақлардың тамғалы руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Қазаяқлы аўыл: Қарақалпақлардың қазаяқлы руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Майлы балта аўыл: Қарақалпақлардың майлы балта руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Нанбай аўыл: Қарақалпақлардың нанбай руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Салтыр аўыл: Қарақалпақлардың салтыр руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Боқлықытай аўыл: Қарақалпақлардың боқлықытай руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Быйық-сыйық аўыл: Қарақалпақлардың быйық-сыйық руўынан болған халық жасағаны ушын усылай аталған.

Этнотопонимика-қарақалпақ тил билиминиң ең жас тараўларының бири болып ҳәзирги ўақытта оны ҳәр тәреплеме үйрениў, изертлеў мүмкиншилиги күшейди. Себеби бул материаллар арқалы ески лексикалық қатламлар, грамматикалық формалар, белгили бир халықтың үрп-әдетлери, оның этногенези ҳәм тағы басқалар көринеди. Сондай-ақ топонимикалық материаллар арқалы көплеген тарийхый сырлар, ертедеги халықлардың өз-ара экономикалық ҳәм мәдений қарым-қатнаслары, тилдеги өзгешеликлер анықланады.

Демек, белгили бир аймақтағы географиялық атамаларды илимий жақтан изертлеў сол аймақтағы халықтың тарийхы, турмысы ҳәм тили ҳаққында әҳмийетли мағлыўматлар беретуғыны сөзсиз. Сонлықтан да топонимлерди ҳәр тәреплеме изертлеў үлкен әҳмийетке ийе.

**Адабиётлар:**


1. Norov, I., Yo'ldoshev, J., & Yo'ldoshev, S. (2023). ZAMONAVIY PEDAGOGIK TEXNOLOGIYALAR ASOSIDA DARS TASHKIL QILISH. INTERNATIONAL JOURNAL OF RECENTLY SCIENTIFIC RESEARCHER'S THEORY, 1(4), 40-47.
2. Norov, I. (2023). DEFINITION OF ZOONYMS IN UZBEK ARTISTIC WORKS. INTERNATIONAL JOURNAL OF RECENTLY SCIENTIFIC RESEARCHER'S THEORY, 1(1), 1-6.
3. Jemal, G., & Norov, I. (2021). Avlodlar Dovoni Asarida Onomastik Birliklar. TA'LIM VA RIVOJLANISH TAHLILI ONLAYN ILMIY JURNALI, 1(5), 77-79.
4. Norov, I. K., Shirinova, N. A., & Yuldasheva, S. S. (2020). BADIIY ASARNI TAHLIL QILISHDA ZAMONAVIY METODLARDAN FOYDALANISH. In Молодой исследователь: вызовы и перспективы (pp. 124-126).
5. Norov, I., & Xaytbayev, O. (2023). TIL TA'LIMIGA ZAMONAVIY YONDASHUV. INTERNATIONAL JOURNAL OF RECENTLY SCIENTIFIC RESEARCHER'S THEORY, 1(9), 65-72.
6. Norov, I. (2023). O'QITISHNING ZAMONAVIY USULLARDA YONDASHUV. Нововведения Современного Научного Развития в Эпоху Глобализации: Проблемы и Решения, 1(6), 39-43.
7. Norov, I., & Xaytbayev, O. (2023). SHAXS MA'NAVIYATIDA UZLUKSIZ TA'LIMNI RIVOJLANTIRISH. The Role of Exact Sciences in the Era of Modern Development, 1(6), 36-39.
8. Norov, I., & Xaytbayev, O. (2023). SHAXS MA'NAVIYATINI SHAKLLANTIRISH. The Role of Exact Sciences in the Era of Modern Development, 1(6), 32-35.
9. Шодиевич, Ш. Ҳ., Эрматов, Н. Ж., Расулова, М. Р., Шодиев, Ж. Х., & Хожаназарова, С. Ж. (2023). MICROSOFT EXCEL ЭЛЕКТРОН ЖАДВАЛИДАН ФОЙДАЛАНИБ ИЛМИЙ ТАДҚИҚОТ НАТИЖАЛАРИНИ СТАТИСТИК ҲИСОБЛАШ. INTERNATIONAL JOURNAL OF RECENTLY SCIENTIFIC RESEARCHER'S THEORY, 1(4), 67-75.
10. Шодиев, Ж. Х., & Алиева, С. С. (2023). Источники финансирования инвестиционной деятельности со стороны государства. Ta'lim va rivojlanish tahlili onlayn ilmiy jurnali, 3(2), 294-297.
11. Болтаев, К. С., & Хамза, Ш. Ш. (2022). ЗАМОНАВИЙ УСУЛЛАРДА ЎҚИТИШНИНГ БУГУНГИ КУНДАГИ ЎРНИ. PEDAGOGS jurnali, 4(1), 328-333.
12. Болтаев, К. С., & Хамза, Ш. Ш. (2022). ЗАМОНАВИЙ УСУЛЛАРДА ЎҚИТИШНИНГ БУГУНГИ КУНДАГИ ЎРНИ. PEDAGOGS jurnali, 4(1), 328-333